



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMANTASYON POU POTE TAKSI
PATAJE NAN REJYON NÒ ETA A AK LONG ISLAND SEZON ETE SA**

***Règlemantasyon DMV yo Disponib [Isit la](#), Règlemantasyon DFS yo Disponib [Isit la](#),
e Règlemantasyon Travayè ak Konpayi yo (Workers' Comp Regulations)
Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo règleman pou mizanplas taksi pataje (ride sharing) atravè New York. Divès ajans eta te emèt règleman nesèsè pou pèmèt yo ofri sèvis taksi pataje apati 29 Jwen.

“Se yon zafè ekite pou n elaji sèvis taksi pataje a ki pote nouvo opsyon transpò e – avèk sa – nouvo opòtinite ekonomik ak inovasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kad sa founi yon sistèm taksi pataje ki jis, san danje epi konplè ke kominote yo ap benefisye nan chak kwen eta sa.”

Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon sa yè swa pou akselere mizanplas sèvis taksi pataje a de 10 jou pou pèmèt gen taksi pataje nan wikenn kat Jwiyè a.

Règleman an gen ladan:

Pou Pasaje yo:

Nouvo règleman yo egzije pou yo bay tarif oubyen estimasyon tarif la sou aplikasyon taksi pataje a pou kliyan yo anvan taksi a deplase. Aplikasyon an dwe afiche:

- Yon foto chofè a;
- Mak, modèl ak koulè machin nan; ak
- Nimewo plak imatrikilasyon machin nan.

Veyikil taksi pataje yo dwe afiche tou yon anblèm vizib sou vit avan machin nan pou pasaje a verifye konpayi y ap travay pou li a.

DMV a egzije pou etabli pwosedi plent pou vyolasyon lisans konpayi taksi pataje yo. Anplis, konpayi taksi pataje yo dwe etabli yon pwosesis pou plent konsomatè yo.

Pou Konpayi Taksi Pataje yo:

Pou vin yon konpayi taksi pataje apwouve, ou dwe ranpli yon aplikasyon epi soumèt li bay DMV a epi konpayi an dwe genyen yon aplikasyon ki konekte ak pasaje yo. Gen yon frè aplikasyon 100,000 dola, ke yo ranbouse 90,000 dola ladan l si yo pa apwouve konpayi an. Gen yon frè renouvèlman anyèl 60,000 dola tou.

Konpayi taksi pataje yo ap genyen pou bay asirans responsablite sivil veyikil pou 1.25 milyon dola depi yo ap kondwi yon pasaje e konpayi yo dwe bay kouvèti endemnizasyon travayè pou chofè yo.

Yo egzije konpayi yo pou adopte politik kont diskriminasyon tou pou tout pasaje yo, ki enkli sa ki andikape yo. Fòs Entèkansyon Aksesiblite Konpayi Rezo Transpò Eta New York la (New York State Transportation Network Company Accessibility Task Force) ap analize epi konseye konpayi yo sou fason pou maksimize efikasite epi antre sèvis pou moun ki andikape yo.

Konpayi taksi pataje k ap chèche plis enfòmasyon sou fason pou vin otorize pou ofri sèvis sa yo ka vizite sit entènèt DMV a pou yon aplikasyon [isit la](#).

Pou Chofè Taksi Pataje yo:

Chofè yo dwe pase yon verifikasyon antesedan kriminel anvan yo ka transpòte pasaje, ki enkli yon revizyon dosye kondwit yo. Konpayi taksi pataje yo dwe enskri chofè yo nan Sistèm Notifikasyon Ka Lisans (License Event Notification System) DMV a, ki swiv epi repòte kontravansyon sikilasyon, sispansyon, anilasyon ak re-entegrasyon ak lòt ka yo.

Nenpòt moun ki swete vin anplwaye nan sektè sa dwe kontakte konpayi taksi pataje yo. Chofè yo dwe genyen yon lisans valid ke DMV a emèt epi genyen omwen 19 an. DMV a pa genyen egzijans veyikil presi, men konpayi taksi pataje yo ka fikse nòm yo.

###